

PFC Ralph T. Basiliere Bridge

PREMYE ETAP GWO KONSTRIKSYON AN AP KÒMANSE SEMÈN 14 JEN AN

Kisa k ap pase?

Apati **semèn 14 jen** an, moun ki responsab konsepsyon ak konstriksyon MassDOT pou pwojè ranplasman an pral kòmanse yon seri fèmèn liy ak twotwa lwès yo (an amon) sou pon an. Fèmti sa yo nesèsè pou adrese relokasyon liy elektrik ak telefòn yo pou pèmèt premye etap demolisyon an fèt pita nan ane sa a san entèripsyon sèvis piblik yo. Travay sa a reprezante kòmansman gwo operasyon konstriksyon pou ranplase nèt Pon Basiliere ki egziste deja a. **Fèmti liy yo ap fèt lannwit ant 8:00 PM ak 4:00 AM, dimanch jiska jedi. Fèmti twotwa yo ap fèt pandan lajounen ak lannwit. Yo prevwa tout liy sikilasyon yo ap rete ouvè pandan lajounen.**

Kijan sa pral afekte m?

Fèmti liy sikilasyon ak twotwa yo ap fèt detanzantan selon travay konstriksyon k ap fèt yo. Si li nesèsè pou yo fèmèn kèk pati pou sekirite zòn travay la, lapolis ap sou plas pou asire sikilasyon an fèt byen. **Lè egzak fèmti yo ap disponib sou sit entènèt pwojè a epi yo pral voye yo pa imèl sou mizajou pwojè a.**

Sizoka twotwa ki nan zòn anwo a fèmèn, pyeton yo ka mande lapolis ki sou plas pou ede yo travèse entèseksyon ki nan toude pwent pon an. Moun ki sou bisiklèt ki prefere travèse pon an sou twotwa a dwe desann bisiklèt yo epi pase apye, paske espas la kwense. Chofè yo dwe pran plis prekosyon epi montre koutwazi lè y ap pase nan entèseksyon sa yo, paske ka gen plis pyeton pase kantite ki nòmal la k ap travèse soti yon bò Route 125 lan pou ale nan lòt bò a. **Pandan premye faz konstriksyon an, Bradford Rail Trail ak Dempsey Boardwalk ap rete ouvè epi ap gen aksè jan sa konn ye nòmalman.**

Sa k ap vini apresa

Pita pandan sezon ete a, y ap deplase liy gaz ki pase nan mitan pon an epi y ap mete l nan mwatye ki sou bò lwès estrikti a. Menm jan ak depasman fil elektrik ak liy telefòn yo, sa nesèsè pou pèmèt premye faz demolisyon an fèt san sèvis piblik yo pa kanpe. Etandone liy gaz la se anba wout la li ye, yo ka deplase l san sa pa afekte ni chofè ni pyeton.

Lè yo fin deplase tout sèvis piblik yo, ekip konstriksyon yo pral fè lòt travay pou prepare bò ki anba a nan pon an pou demolisyon.

Pou asire gen yon zòn travay ki an sekirite, yo pral mete baryè sou liy mitan pon an, epi sa pral redui estrikti a kote pral genyen yon liy sikilasyon sou zòn nò (nan direksyon sant vil Haverhill) ak yon liy sikilasyon nan zòd sid (nan direksyon Bradford). Twotwa ki sou bò lwès la pral fè pati zòn travay la epi yo pral fèmèn l pandan yon bon bout tan. Lè sa a kòmanse, pou sikilasyon an k ap monte nan direksyon nò a ka mache byen, **y ap entèdi tout vire agoch soti sou pon an pou antre sou Merrimack Street.** Chofè ki vle ale nan Merrimack Street ta dwe:

- Kontinye sou State Route 125 rive nan entèseksyon ak Ginty Boulevard ak Bailey Boulevard.
- Vire agoch sou Bailey Boulevard.
- Kontinye nan entèseksyon Bailey Boulevard ak Haverhill Place epi Bailey Boulevard ak How Street.
- Vire agoch sou Emerson Street.
- Kontinye sou Merrimack Street.

Gen yon kat detou anba a. Lapolis ap sou plas pou gide sikilasyon an. **Etandone Pon Basiliere a enpòtan pou premye sekouris yo nan Haverhill, lapolis ki sou plas ka decide kanpe sikilasyon an pandan yon ti tan nan youn oswa toude direksyon pou pèmèt machin ijans pase. Chofè**

PFC Ralph T. Basiliere Bridge

PREMYE ETAP GWO KONSTRIKSYON AN AP KÒMANSE SEMÈN 14 JEN AN

yo ta dwe pran prekosyon epi swiv enstriksyon lapolis oswa travayè konstriksyon yo avèk anpil atansyon.

Chofè ki prale nan lòt zòn yo ka anvizaje travèse Merrimack pa mwayen I-495. Yo ka pase la a lè yo soti anba lavil Haverhill lè yo pase nan River Street (State Route 113 nan direksyon lwès), Main Street (State Route 125 nan direksyon nò), oswa Winter Street ak Broadway (State Route 97 nan direksyon lwès), epi soti Bradford lè yo pase nan South Main Street (State Route 125 nan direksyon sid) pou ale nan Industrial Avenue. Pral gen aksè nan tout biznis yo epi y ap rete ouvè pou yo sèvi kliyan yo, resevwa livrezon, epi voye machandiz jan sa fèt nòmalman. Lè zòn travay la vin elaji, Bradford Rail Trail ap fèmen kote li pase anba pon an pou asire

sekirite piblik la. Yo pral bay plis enfòmasyon davans sou detou tanporè pou chemen an pa mwayen entèseksyon State Route 125 ak Middlesex Street.

Yo prevwa pou travay pou ranplase Pon Basiliere a nèt pral kontinye jiska prentan 2032.

Ou Gen Kesyon?

Yo ankouraje tout moun nan piblik la pou yo enskri pou yo ka resevwa mizajou pa mwayen sit entènèt pwojè a: mass.gov/basiliere-bridge-project-haverhill.

Si w gen kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte haverhillbasilierebridge@dot.state.ma.us. Pou nenpòt enkyetid ijan oswa sitiyasyon ijans sou chantye a, tanpri rele liy asistans nou an nan (978) 736-8140.

